CENTRAL ASIAN JOURNAL OF EDUCATION AND INNOVATION IF=8.9
Volume 5, Issue 05, May 2026




# QARAQALPAQ ÁDEBIYATINDA DÚRKINLERDIŃ KOMPOZICIYANIŃ IDEYA-TEMATIKAǴA TÁSIRI

**Sipatdinova Qumar Murat qızı**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.20067006

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 03-may 2026 yil
Ma'qullandi: 05- may 2026 yil
Nashr qilindi: 07- may 2026 yil

**KEY WORDS**

*Kompoziciya, kórkem obraz, ideya-tematika, cikllik qosıqlar, Avtorlıq hám avtorlıq emes dúrkinler.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada lirikalıq dúrkinlerdiń kompoziciyasınıń ideya-tematikaǵa tásiri haqqında sóz etiledi.*

Kórkem shıǵarmanıń kompoziciyasi mazmuni jetkerip beriw ushın qollanılatuǵın kórkemlew usıllarınıń, elementleriniń jaylasıw forması esaplanadı. Kórkem shıǵarmada waqıyalar bastan aqırına dizilip jazıla bermeydi, al jazıwshı olardı óziniń aytajaq ideyasına, sáwlelendirgen temasına, kótergen máselesine ılayıq etip jaylastıradı.[1] Demek, kompoziciya kórkem shıǵarmanıń qurılısı degendi ańlatadı. Kompoziciya eń juwmaǵında kórkem obrazdı jaratıwǵa kótergen máselelerdi ótkirlestirip beriwge xizmet etedi. Folklorlıq shıǵarmanıń kompoziciyası kútá ápiwayi, túsiniwge ańsat bolıp keledi. Onda waqıyalar xronologiyalıq (xronos - waqıt) tártipte jaylastırıladı. Mısalı, batırlıq dástanlarda waqıyalar tártipte beriledi, bas qaharma, batır bolıp ósiwi batırlıq isler kórsetiwi, eń sońında maqset-muradına jetiwi haqqında boladı. Al, lirikalıq shıǵarmalarda kompoziciya tikkeley basqasha boladı. Onda waqıyalardıń jaylastırılıwı berilmeydi, hámmesi sezimge baylanıslı qurılǵan. Mısalı ushın; Tolıbay Qabulovtıń «Qarazózek» degen qosıǵı qosıǵı bári jıynalıp 13 bántten ibarat. Onda lirikalıq qaharman Qazaózek xalıqına say bolǵan milliy úrip-ádetler, olardıń ajayıp minez qulqı haqqında aytıp ótedi, al sońında bolsa

Qaraózek degen– uzaq qosıq bul,
Oǵan «Esim oyı» nama qosıp tur.
Arjaǵı– Aqbetkey, onnan soń– Aral,
Yoshlı ırǵaq bolıp tolqınlasıp tur... [2]

«Yoshlı ırǵaq bolıp tolqınlanıp tur»,- dep úndew qoyadı. Onnan aldın Qaraózek bul uzaq qosıq onıń táripi táwsilmeydi,- deydi. Demek, shayır usınday mazmundı beriw ushın joqarıda biz kórip ótken kompoziciyanı tańlaǵan hám sózsiz tabısqa erisken.

Kompoziciya kórkem dóretpelerdiń birligin hám pútinligin táminleydi. Xalizevtıń aytıwı boyınsha kompoziciya tek ǵana waqıyalardıń izbe-izligi emes bálkim shıǵarmanıń dinamiksın hám onıń oqıwshıǵa tásirin belgilep beredi deydi. [3] Kompoziciya (latınsha, compositio -

dúzilis, qurılıs degendi ańlatadı). Kórkem shıǵarmadaǵı waqıyalardıń, obrazlardıń, bólimlerdiń avtordıń oyalaǵan ideyasın ashıw maqsetinde bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Kompoziciya tek ideyaǵa xizmet etip qoymay onıń qunlı bolıwında da axmiyetli. [4]

Rus ádebiyattanıw iliminde lirikalıq dúrkindi izertlewshi L.E.Lyapinanıń pikirinshe, «lirikalıq dúrkinlerdiń áxmiyetli tárepleriniń biri sonda, avtor tárepinen kompoziciya aldın ala dúzilgen bolıwında» deydi. Lirikalıq dúrkinler jeke qosıqlardıń bir-biri menen ideyası, tematikasınıń baylanısı tárepinen júzege keledi. Bunday jeke qosıqlar baylanısıp bir shıǵarmanıń ulıwma mazmunın ashıp beredi. [1]

Evropa miynetlerinde cikl atamasınıń kelip shıǵıwın eki túrli etip túsindiredi. Birinshisi romantikaǵa shekem hám romantikalıq filosofiyalıq estetika bolıp, kórkem shıǵarmalarǵa cikl túsinigi payda boladı.(onda tek ǵana aldınǵı hám keyingi bolatuǵın hádiyseler cikillik formada payda bolıwı kerek. Basqa tárepten bolsa bul 19-ásirdiń ekinshi yarımındaǵı ádebiyattıń akademik tariyxı ásirese folklortanıw hám, klassik filologiya, orta ásirlerde onda cikldiń basqasha konsepciyaları yaǵnıy «cikllik qosıqlar» dep atalatuǵın qosıqlar menen baylanıslı. Cikllik tendenciyalar házirgi dáwirge shekem kóbinese hikayalarda ushırasıp keldi. Epikalıq qosıqlar hám ricarlıq romanslarda quramalı hám az bolıp kelgen. [5]

Qaraqalpaq poeziyasında izleniwsheń, óz dóretiwshilik stiline iye shayırlardıń dúrkinler dóretiwde biraz tabıslarǵa eriskenin kórsek boladı. Shayır T.Qabulovtıń dóretiwshiliginde dúrkinler ushırasadı. Biraq bul shayırdıń jeke ózi tárepinen tayarlanıp dúzildi me yáki oqıwshılar yamasa dúrkinlerdiń teoriyasın túsinetuǵın ilimpazlar tárepinen dúzildi me degen sorawlarda keliwi múmkin. «Ómir seni jırlayman» toplamına engen «Tuwılǵan jer», «Ana haqqında», «Tábiyat haqqında», «Miynet tuwralı», «Aqıl násiyat», «Qıysını kelisken qosıqlar» atlı lirikalıq dúrkinleri ushırasadı. Bulardıń ayırımları dúrkin talaplarına juwap berse ayırımları bul talapqa juwap bermeydi. Mısalı etip aytatuǵın bolsaq onıń «Aqıl násiyat» atlı lirikalıq dúrkinlerine kiriwshi qosıqları hámmesi úgit-násiyat temasında jazılǵan. Bul dúrkin talaplarına juwap beredi. Sebebi onı oqıǵanımızda bastan ayaǵına qosıqlardıń mazmunı birdey bolıp bir-birin tolıqtırıp otıradı. Bul dúrkinlerde shayırdıń dúnya tanımın, onıń kishi kólemli lirikalıq qosıqlarda turmıstaǵı úlken nárselerdi aytpaqshı ekenin sezemiz. Bulardıń hámmesinde lirikalıq qaharman shayırdıń ózi, ózi sezgen kórgen nárselerdiń lirikalıq kórinisi dewimizge boladı. Ilimpaz M.Darvinniń pikirinshe dúrkindi ulıwmalastırıp adam dep alatuǵın bolsaq, ondaǵı hár bir qosıq sol adamnıń organları xizmetin atqaradı. Organnıń baslı áhmiyeti deneniń ishki dúzilisin quraw, bolsa dúrkinge kirgen qosıqlarda onıń pútinligin táminlep beredi. [6]

Shayırdıń «Qıysını kelisken qosıqlar» dúrkinindegi qosıqlar kompoziciyalıq jaqtan durıs jaylastırılmaǵan. Sebebi bul shayırdıń ózi tárepinen emes, al onıń qızı Miyassar Kabulova hám de ómirlik joldası tárepinen dúrkinlestirilgen. Sebebi ádebiyatta dúrkinlerdiń eki túri ushırasadı. Ilimpaz M.N.Darvin dúrkinlerdi tábiyatınan kelip shıǵıp eki toparǵa ajıratadı: «Avtorlıq» hám «avtorlıq emes». [

Dúrkin avtor tárepinen dóretilgen bolsa onda shayır óziniń qosıqların qayaı waqıtta qayjerde dóretkeni menen shayır olardı belgili bir principke tayanıp soń onı dúrkinlestiriwi múmkin. Bunday dúrkinler ádebiyaatta haqıyqıy dúrkin esaplanadı. Jánede dúrkinler ideyalıq, tematikalıq, janırlıq jaqtan baylanıslı etip, ádebiy sınshılar yamasa oqıwshılar tárepinen dúziliw múmkin. Bunday dúrkinler avtorlıq emes dúrkin esaplanadı hámde soǵan mas atama qoyadı. Qosıqtıń ataması shıǵarmanıń ideyasın ashıp beriwde ayrıqsha kórkemlik xizmet kórsetiwi kerek boladı.[1] Joqarıda aytıp ótken qosıqlar dúrkininde óz atamasına iye 12 qosıq

engizilgen. Dúrkinge «Qıysını kelisken qosıqlar» degen atama berilgen. Oqıwshını sol shıǵarmanı oqıwǵa úndewge atamanıń roli júdá úlken, ekinshiden bolsa dúrkinniń ataması soǵan kirgen basqa qosıqlardıń ideya-tematikalıq baǵdarın da kórsetip turadı. Biraq onıń ishine kirgen «Xojeli», «Xojeliniń bazarında» atlı qosıqları basqalarına qaraǵanda mánisi hám mazmunı boyınsha parıq qıladı. Sebebi dúrkindegi kópshilik qosıqlar satiralıq mazmunda jazılǵan. Biraq bul eki qosıqtıń ideyası jaǵınan «Tuwılǵan jer» mazmunındaǵı dúrkinlerge jaqın keledi. Sonda da onıń ishine kirgen 10 qosıǵı mazmunı boyınsha bir-birine jaqın. Sebebi onda shayırdıń kózi kórgen, esitken ósek-nasaq gápler, sonıń menen birge adalatsızlıqlardı aytıp ótedi. Qıysınını kelisken qosıqlar dep baslanǵan birinshi qosıǵında eki adamnıń ortasındaǵı dialogtan baslanǵan, yaǵnıy onda birew ekinshisinen «Dúnyada erkek kóppe? yáki hayal? » deydi. Sonda ekinshisi hayal degende, házirgi waqıtta hayaldan ayırmashılıǵı qalmaǵan erkeklerdi sınǵa almaqshı boladı. Sebebi jámiyette onday erkekler tolıp ketti degen túsinikti alǵa qoyadı.

Gey bir gápin shaymalaǵan erkektiń
Hayallardan ayırması qayaǵı!.... [2]

-dep kóp noqat qoyadı. Qalǵan jaǵın, qalǵan ideyanı oqıwshınıń ózine beredi. Al, keyingi qosıqlarında Íqtıyarıń: Meyli, inan, inanba,

Eki hayal sóylesip tur dúkanda,
Biziń telefon tek durıs isleydi
Ózi bilip, ózi kirip shıǵınsız,
Universitette oqıp atır biziń qız. [2]

Bunda eki hayaldıń dúkanda bolǵan sáwbetin, olardıń bir-birinen qalmaytuǵın maqtanshaq ekenligin, birewi óziniń telefonınıń jaqsı isleytuǵının aytıp maqtansa, ekinshisi qızınıń bilimi menen oqıwǵa kirgenligin aytıp jámiyetlik jerde hámmeni awzına qaratpaqshı bolǵanın sınǵa aladı. Kompoziciyalıq jaqtan birinshi qatardı túsindirip elede tolıqtıradı.

Lama palto al dep ózi kúyewim,
Men áńgódek, alıppan tek birewin.... [

Bul qatarlarda bolsa sol háyeldiń hádden tısqarı maqtanshaq ekenin, maqtanǵanda da óziniń islegen isine emes, alǵan kiyimine maqtanıwın aytadı.

Órt óshiriw komandası qay jerde?
Olar nege baǵınbaydı GAYlerge? [

Bul qosıqtıń aqırǵı qatarlardı, bunda eki háyel birewi óziniń telefonınıń jaqsı isleytuǵın jerinen, birewi universitetke qızınıń qalay kirgeninen baslap, ot óshiriw mashinasınıń GAYlerge ne ushın boysınbaytuǵınına shekemgi ósek nasaq sózlerdi ayttı. Bunda nasaq sóz degen qayjerge shekem barmaytuǵının aytıp ótpekshi boladı

Epikalıq shıǵarmalarda xronologiyalıq syujet bar, yaǵnıy onda waqıya yamasa ádebiy qaharmannıń obrazı izbe-iz tártipte rawajlanıp baradı, sebebi epikalıq shıǵarmalar aldın ala rejelestirilgen syujet tiykarında dúziledi, ekspozitciya, waqıyanıń rawajlanıwı, konflikt, kulminaciya sıyaqlı bólimlerden ibarat boladı. Bular ádettegi xronologiyalıq tártip esaplanıp, bunday shıǵarmalardan oqıwshılar zerigiwi múmkin. Sonlıqtanda jazıwshılar waqıyanı hár túrli jollar menen bere basladı. Olardı qurǵaq bayanlaw menen emes, al olardıń kelip shıǵıw sebeplerin retrospekciyalıq jol menen keyin shegindirilgen halda kórsetedi. Álbette, lirikalıq shıǵarmalarda bunday epikalıq bayanlaw bolmaǵanı menen, lirikalıq qaharmannıń oy sezimleri

belgili bir tar kólemge jayǵasıwı múmkin, sonlıqtanda hár qıylı usılları bar. [1] T.Qabulovttıń avtorlıq emes bul dúrkininde de bunday bayanlaw ushırasadı. «Qıysını kelisken qosıqlar» toparına kiretuǵım mına qosıq qatarlarında da shayır ótmishte bolıp ótken waqıyanı balasına bayanlaydı, yaǵnıy onda

«Awmin » - degendi ata-baba da,
Aneylik penen aytpaǵan, balam
Bul qosıqtıń baslanıwı al aqırǵı qatarlarında bolsa
Attan jıǵılǵanda ájel oq tiyip,
«Aytqanım kelgey-da awmiyin» - degen.
Sonda aytajaǵı: el-xalıqtı jıyıp,
Mártligin dálillep mardıyıw eken.....

Bunda shayırdıń ishki sezimleri elede rawajlanıp, hár bir insannıń kewlinde bolatuǵın mardıyıw, maqtanıw sezimleriniń kúshli ekenligin, hátteki ata-babalarımızda mártligin dálillew ushın mardıyıwı haqqında biraz sóz etedi.

Joqarıda keltirip ótken qosıq qatarlarımız pútin bir dúrkinniń ideyasın ashıp beriwde xizmet etedi, sebebi «Qıysını kelisken» degen sózdiń ózi hár tárepleme bir birine mas degendey mánini ańlatadı, tilimizde qıysını kelisken jigit, adam sıyaqlı sózler bar. Bul sol adamnıń bet-álpeti kelisken, jaqsı, ózine jarısımlı degen maǵananı ańlatadı. Al, qıysını kelisken qosıqlar degenimiz, bir-birine sıbaylas, kerek jerinde aytılǵan, jazılǵan qosıqlar degendey maǵananı ańlatıp tur. Bul qatarlardıń hámmesi lirikalıq qaharmannıń ómirge degen kóz qarasın ashıp beredi. Kirisiw shıǵarmasında oqıwshıǵa ekew ara ósek, sózlerdiń, mardıyıw jámiyette jaqında payda bolmaǵanın, bunday illet hár bir adamda bar ekenligin, tek nápsin basqarıw óziniń qolında ekenin aytpaqshı boladı. Dúrkinniń hárbir bólimine qoyılatuǵın talap ta usınnan kelip shıǵadı - olar epikalıq shıǵarmalardaǵıday syujetler toplamın yamasa obrazlar sistemasın rawajlandırıp barıwı tiyis. Al, shayırdıń «Shayırlar kóbeyip», «Ayırım ádebiyatshılarǵa» degen qosıqlarında bolsa ekewiniń mazmunı bir-birine qattı sıbaylas. Onda

Shayırlar kóbeyip, qosıq azayıp,
Kóp kitaplar tartıp atır sazayın,
Oǵan jáne qıssaxanlar qosılsa,
Ádebiyatqa kim boladı xojayın. [2]

Bul qosıqta satiralıq mazmun berilgen, yaǵnıy shayır ádebiyattıń házirgi jaǵdayına ashınadı. Onda ádebiyat maydanında kóplegen shayırsımaq adamlar kóbeyip ketti, lekin olardıń qosıqları lirikanıń nızamlarına juwap bermeytuǵınlıǵın, olardıń sapanıń azayıp, sannıń kóbeyip ketkenligin, egerde usınday adamlar ádebiyatta tolıp ketse, ádebiyattıń jaǵdayı qanday boladı, oǵan kim xojayın boladı dep ishley ashınadı. «Ayırım ádebiyatshılarǵa» degen qosıǵında bolsa

Birińız professor birińız docent,
Maqala jazasız marxumdı eslep,
Ol aradan erte ketti, biraq ta,
Artında qaldırdı ólmes miras dep -dep.
Tirisinde almadıńlar tilge de,
Ólgennen soń tákirarlandı bul nege?

[1] Оразымбетова М. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық дүркинлердиң поэтикасы. - Нөкис: Билим, 2022. -Б6

Bul qosıq qatarlarında da kúshli satira jatadı. Bunda ádebiy sınshıllardı, professorlardı satira astina aladı. Ne ushın tirisinde olardıń atların tilge almay, ólisinde nege ullılıǵın asırasız, sol shıǵarmalardı ólmey turıp dóretken ediǵó,- dep sın kóz qarasta qaraydı. Al ondaǵı «Xojeliniń bazarında», «Bazarda» degen qosıqları dúrkinniń mazmunın ashıp bermeydi. Olar tárip, hám tuwılǵan jerge arnaw qosıqları úlgisinde jazılǵan. Sebebi dúrkindegi kórkem formanıń pútinligin onı úlken janrlıq formalarǵa jaqınlastıradı. [1] Mısalı ushın;

Obal-sawap hám insaptı,
Bir qálipte saqlap barar,
Xojeliniń bazarında.
Yamasa
Ishteyińdi ashıp birden,
Nan, shórek, shiy bawırsaqlar,
Xojeliniń bazarında. [2]

Shınında da bul qosıq qatarları bazardı táriplew, onıń ullılıǵın asırıw, xojeliniń bazarı keń, ol jerde hámme nárse tawılatuǵınlıǵın, satıwshıları obal-sawaptan xabarı barlıǵın táriplep, maqtap jazılǵan qosıq bolıp esaplanadı. Sebebi biz bunda heshqanday satiranı, yamasa yumordı ushıratpaymız. Jay ǵana shayırdıń watanındaǵı xojeli bazarın táriplew, hám ondaǵı maqtanısh sezimlerin kóremiz.

Al «Bazarda» degen qosıq «Xojeliniń bazarında» degen qosıqtıń izi bolıwı múmkin, sebebi onıń aqırǵı qatarınıń hámmesi «Xojeliniń bazarında» tamamlanadı. Mısalı ushın;

Miywalardıń ne túrleri,
Palız-piyaz ónimleri,
Dártke dawa bolıp atır,
Diyxannıń ne ósirgeni,
Xojeliniń bazarında. [2]

Bul qosıqtı oqıp atırıp elin, xalqın tárip etken Ájinyaz shayırdıń «Ellerim bardı» degen qosıǵı kóz aldımızǵa keledi. Sebebi onda adamlardıń minez qulqınan baslap, palız ónimlerine shekem tárip etedi, elin basqa eldiń adamlarına tanıstıradı. Shayırdıń bul qosıǵıda dál solay tárip usılında Xojeliniń bazarın táriplew, onı basqalarǵa tanıstırıw sıpatında jazılǵan qosıq. Egerde bazar keń, biraq onda ádalat joq, satıwshılarınıń tárezisi durıs emes sıyaqlı ideyalar bolǵanında da, bul satiralıq úlgidegi qosıqlarǵa jatatuǵın edi. Sebebi satiralıq shıǵarmalar mazmun menen formanıń, turmıs penen idealdıń sáykes bolmaǵan jaǵdayların aashıq-aydın kórsetip beredi.[2] Shayırdıń «Pinxamı sóz degen» qosıǵı dúrkinniń ideyasına úndew saladı yaǵnıy onda

Jaqsı sózdi kóp esitsem,
Kewlim jay tabar.
Al kewilsiz gáp esitsem,
Tonım shaypalar. [2]

Bunda shayır óziniń jaqsı sózlerdi esitse, ajayıp waqıyalardı kózi menen kórse kewliniń jay tabatuǵınlıǵın, jaman sózlerden bolsa seskenip, kewli, hátteki tonıda shaypalatuǵınlıǵın aytadı. Shayır sonıń ushında da ómirdegi mayda hámde iri nárselerge sın kóz qaras penen

[2] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. - Нөкис: Билим, 2004. -Б.145.

qarap, onı aq qaǵazǵa tógedi. Onıń qosıqların oqıǵanımızda hár bir ádalatsızlıq, jaman islerge hámde nasaq sózlerge kóz jumıp qaramaytuǵınlıǵın kóremiz.

Juwmaqlap aytqanda shayırdıń dúrkinlerin dúziwde kompoziciyalıq jaqtan ayırım qáte-kemshilikler ketken. Sebebi dúrkindegi «Xojeli», «Xojeliniń bazarında» atlı qosıqları dúrkinniń kompoziciyalıq qurılısına hámde ideya-tematikalıq jaqtan ózgesheligine juwap bermeydi. Sebebi dúrkindegi kelgen hámme qosıqlar onıń principlerine, qatań qaǵıydalarına juwap beriwi lazım. Joqarıda atı atalıp ketken qosıqlar bul dúrkinge ems, al «Tuwılǵan jer» atamasındaǵı dúrkinler toparına kirgizsek orınlı boladı. Sebebi mazmunı jaǵınan olar watan temasın ashıp beriwge kómek beredi.

## References:


1. Оразымбетова М. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық дүркинлердиң поэтикасы. - Нөкис: Билим, 2022. -Б29.
2. Қабулов Т. Өмир сени жырлайман. - Нөкис: Билим, 2019. -Б.20
3. Foxford.ru Композиция произведения, Литература | фоксфорд
4. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: Билим, 1994. - Б.103.
5. ru.wikipediya.org. Европийский лирический цикл. Историческое и сравнительное изучение. 2003.
6. Дарвин М.Н. Художественная циклизация лирических произведений. - Кемерова, 1997. - С.31.
7. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. - Нөкис: Билим, 2004. -Б.145